Oumel Kairy Diallo

## MBAY SÀMB YUMBÉY

- Léébóón !
- Lippóón !
- Amoon na fi !
- daan na am !

- Dafa amoon benn ndaw su jigéén soo xam ni dafa sonnoon ci séyam, ndax jëkkër ji - ñu naan ko Sàmb Yumbéy- dafa amoon ñaari jabar.

Moom nag mooy aawo bi, wante benn doom rekk la am ci séy bi, ñu naan ko Mbay.

Naareel bi nag dafa jeboot ag góór gi, wante bañul ludul Mbay, ndax xale bi, tubaarfa kalla, Yàlla dafa ubbi xel mi, moo dàq jàng doomi baay yi, yokk ci dolli, sëriñ bi mayul doom yi jàmm, ndax guné yi duñu tari mukk te gaguñu. Loolu bëgg rey wujju yaay ji.

Wante ndaw si ñómméwul def dara Mbay, ndax baay bi, ci bàkkan bi la ko teg. Su rombee yaayu Mbay di ko gaaruwaale, yàkkamti mu tontu ba seen jëkkër faral ko, daldi fase këlé mu dem ag doomam.

Wante bu ko defee, kooku du yëg sax ni mu ngiy wax. Moom mu ngay toppatoo géttu nagam rekk.

Benn bés, Yàlla def ndeyu Mbay feebar, feebar bu metti lool. Opp gi yàgg lool te yëgul benn tan. Mu daldi woolu nag wi gënoon màggat ca gétt ga, né ko :

- Yëkk ! yëg naa sama ndee. Xam naa né leegi ma jógé fi. Wante su Yàlla defee li gën, dénkuma la dara ludul nga seetal ma sama benn bii, di ma ko terel lu bon, te di ma ko digal lu baax. Boo ko defee dé, fa ma tëdd dinaa tàlli.

Yëkk wi né ko :

- Bu neexee Yàlla sa xol dina sedd.

Noonu mu daldi dee. Wujj wi nag né Yàlla dikk na. Bi mu muñéé guné gi ba mënatu koo muñ, mu daldi né dina ko sàkkal pexe. Mu dem ci benn sëriñ né ko :

- Sëriñ bi daal, dama am itté bu ma tiis lool, ma bëggòòn nga dimmali ma ci.

- Mbaa jàmm la ?

- Du jàmm wallaay, ndax sama doomu wujj ba nekk ca kër ga moo taxaw rekk ci tànku tas sama séy. Pexe mu dul pexe jinné, xale bi fexel na ma ko. Ma né leegi nag naa jòg balaa mu may teqaleeg baayam.

- Loolu dé jarul jaaxle. Dinaa la jox saafara soo xam né dànga koy sotti ci ndékki li nga koy jox suba. Su ko naanee rekk bu neexee Yàlla, kenn du waxati waxam. Bu neexee Yàlla dé, sa xol dina sedd, nde weesu guddi gii.

Ca ëllëg sa, ndaw si xelli ndékki la, def ca saafara sa, jox ko xale bi.

Bi yëkk wi yëgéé mbir mi, ndekkete woowoon na Mbay né ko :

" Mbayoo, Mbayoo, Mbay Sàmba Yumbéy
Sa yaay ja ca kër gaa, Mbay Sàmba Yumbéy
Ndékki la mu toggee Mbay Sàmba Yumbéy
Boo demee bu ko lekkeey Mbay Sàmba Yumbéy
Boo ko lekkee dee
Boo ko lekkul doo dee !"

Mbay né ko : " Yëkk, boo tëddéé nelawal, te xam né duma weddi sa wax".

Ba ko ndaw si joxee ndékki la, Mbay bayyi ba mu walbatiku rekk, mu këpp ko.

Ndaw si nag mu ngi yaakaar né naan na ko. Mu ngi naan ci xelam :"Ñaw ! billaay daa xam né maa la ëpp pexe, wàllay tey nga dee."

Ñu toog lu yàgg, dara jotul Mbay, bant sax xuriwu ko. Ñaari fan, dara jotu ko ; ñetti fan, dara jotu ko. Jabaru baay bi daldi daw ca sëriñ ba, né ko : "Sëriñ bi, guné ga daal, tus jotu ko." Fa mu ne nale moo gën wér dërëm."

- Nga né ma ?

- Waawaaw !

- Loolu dé doy na waar ! Xanaa dafa ko naanul ?

- Naan na ko sax dé.

- Jombul, wante ndegam mu ngiy dund ba tey dé, ma xam né xale bi am na lu ko Yàlla may. Wante bii yoon, sunguf sii ma lay jox, soo ko defee ci cere jox ko, in sàllaaw du ci rëcc.

- Xanaa ma seeti ba xam !

Ndaw si daldi dellu ca guddi ga, def la ko sëriñ ba wax.

Yëkk daldi woowati Mbay, né ko :

-"Bayoo, Mbayoo, Mbay Sàmba Yumbéy !
Sa yaay ja ca kër gaa,Mbay Sàmba Yumbéy !
Cere ja mu toggee, Mbay Sàmba Yumbéy !
Boo demee bu ko lekkee, Mbay Sàmba Yumbéy !
Boo ko lekkee dee
Boo ko lekkul doo dee !"

Mbay né ko :

-"Yëkk, boo tëddéé nelawal, te xam né duma weddi sa wax."

Ba Mbay delloo, ndaw si jox leen reer bi (moom ag doomi baay yi).

Ku Mbay né kaay nu reer, nga né ko suur naa. Moom itam mu bàyyi ba ñépp dem, mu gas paxam ba mu xòòt daldi ci sotti ñam wi ; daldi raxas ndab li ba mu set, jox ko ndaw si.

Kookoo ngi naan ci xalam : "ñaw ! li ngay të yépp dé, tey doo ma rëcc. Bu dul nii rekk di nëlé."

Ñu toog ay fan, Mbay né ñoq, bopp sax mettiwu ko.

Ndaw si dellooti ca sëriñ ba, né ko :

-"Sëriñ bi daal, sama soxla si dara fajuwu ci. Guné ga daal, tey la gën ni ñoq.

- Loolu dé, yéém na ma. Xanaa daal nga may ma fééñ suba, ndax ma mën seetaat mbir mi ba mu gën leer. Ndax yaakaar naa né xale bi daal, ñàkkul mu yëg li nu koy fexeel. Soo fi delluséé suba, sàllaaw dinaa la ci wax lu gën leer.

Sa suba sa ndaw si dellu. Sëriñ bi né ko : seet naa mbir mi. Tani ji néé na : Xale bi lekkul dara ci yi nga ko jox. Néé na : gétt gi nga xam né xale bi mooy boroom, nag wu màggat a ngi ci wu am xamxam. Lépp lu nit di fexel xale bi rekk, nag wi dina ko yàq. Loolu la ceet gi wax. Leegi nag benn solo laa ci xam : fexe ba baayam rey nag wi. Soo toggee yàpp wi ba noppi, nga def saafara si ci wàllu guné gi. Su neexee Yàlla, bu sa xol seddul, lu ma la waxati, boo yeboo bu ko gëm. Man maa la wax lii man.

Ndaw si dellu. Ñu toog ba guddi, ñu reer ba sottal di fééxlu ci ëtt bi. Ndaw si di raayal jëkkëram boppam, ba mu yàgg, mu né ko :

- Moo nijaay, jaaxlewoo ci yëkk ?

- Ci lan ?

- Moom daal, dafa mel ni luy bëgg dee. Ñaari fan a ngi jógul fi mu tëdd, lekkul.

- Kon dé, na nu ko daldi rey balaa muy médd.

- Boo ma toppee dé man, danu koy rey leegi.

Góór gi woo Mbay, yëgal ko ni bu ëllëgéé dina rey yëkk. Guddi gi yépp, Mbay fanaane koo jooy. Ca ëllëg sa, mu xéy fajar, julli ñenti ràkk, daldi dem ca gétt ga ba jaanoog yëkk, bëgg wax, wante mënul wax. Mu jooy, yikkët.

Yëkk né ko :

- "Mbayoo, Mbayoo, Mbay Sàmba Yumbéy !
Sa yaay ja ca kër ga, Mbay Sàmba Yumbéy !
Nee dafa may rey suba, Mbay Sàmba Yumbéy !
Su toggee sama yàppoo, Mbay Sàmba Yumbéy !
Boo demee bu ca lekkee, Mbay Sàmba Yumbéy !
Boo ko lekkee dee !
Boo ko lekkul doo dee."

Mbay né ko :

- Yëkk boo tëddéé nélawal, te xam ni duma weddi sa wax.

- Bu ñu ma lekkee ba sottal, na nga jël desit yépp, nga ëmb ko ci sama der, nga yeew ko fi ñu ma daam yeew. Te nga noppi kat, ndax jooy yi baaxuñu ci man. Dawal nag balaa ñu la fiy fekk, te bul fàte li ma la wax.

Nu daldi rey nag wi. Ñépp lekk ba mu des Mbay. Ndaw si nax na ko, neexal ko, tiital ko, dóór ko. Mbay të rekk né du lekk. Mujj gi mu bàyyi ko, te naan ci xelam : "Boo yeboo nga bañ lekk, ndegam Yëkk dee na kay, Alxamdulilaahi. Man ag yow rekk ba nga teggeeku ma ; bañuma ci dara."

Mbay moom né patt rekk ba ñépp lekk ba sottal, mu daldi jël der ba, ëmb ca desit yépp, takk ko ba mu jekk, yeew ko fa ñu daan yeew yëkk.

Ñu tëdd ba fajar, dégg luy yòòxu. Ndekkete Yëkk la. Ñépp jaaxle. Ndaw si nag né dina bàyyi Mbay ndax moo ko ëpp bopp.

Yu làq ay weer.

Wante ndaw si mënul muñ Mbay rekk. Mu né : xale bi daal dina gën kër gi mbaat ma dem. Su neexe Yàlla, dinaa ci sàkk pexe. Duma demati ci benn sëriñ, maa ciy jògal sama bopp.

Ca guddi ga, bi ñuy bëgg tëdd, yëkk woo Mbay né ko :

-"Mbayoo Mbayoo, Mbay Sàmba Yumbéy
Sa yaay ja ca kër ga, Mbay Sàmba Yumbéy
Néé dafay lakk néég ba, Mbay Sàmba Yumbéy
Nga tëral doom ji fa nga daan tëdd, Mbay Sàmba Yumbéy
Te nga tëdd fa mu daan tëdd, Mbay Samba Yumbéy
Boo ko deful dee
Boo ko defee do dee."

Mbay ñibbi, daldi tëdd. Wante li mu tëdd yépp nelawul.

Mu bàyyi ba mu wóór ko ni ñépp nelaw nañu, mu jël doomu baay bi (mu bokkal lal), tëral ko fi mu tëddóón ci gànnaaw, sàng ko ag sagaru sér bi mu sàngoowoon, daldi tëdd fii xale bi tëddóón ci booru lal bi, sàngoo séru dënk bi mu sàngoowoon.

Ñu tëdd ba fajar. Nakk jàkka ji nodd rekk, ndaw si jóg daldi taal néég bi, këf Mbay rekk (xamul né kat du doomam) daldi daw génn ci biti.

Néég bi di lakk, di lakk ba mu yàgg, mu dégg lu ni tëff!
Mu né gat di ! Gat di ! Biiru Mbay néé na tëff !

Néég bi di lakk, di lakk ba mu yàgg, mu dégg lu nééti tëff !
Mu né gat di ! Biiru Mbay nee na tëff !

Nu ţoogati ba mu yàgg, mu déggati lu né "tẽff !".
Mu né : gat di ! Biiru Mbay néé na tẽff !

Noonu, Mbay mi woon ci wetam sàngoo sér bi, né ko : "Gat di, gat di ! Biiru Mbay nééwul tẽff ! wellaay, nde Mbay a ngi né jodd !

Noonu ndaw si xammee baatu Mbay, daldi xam né doomam moo doon lakk. Mu daldi yẽẽxu, daldi daanu sedd guyy.

Looloo tax ñu naan " yéené néég la, te boroom a cay fanaan.